



Pou Piblikasyon Imedya: 23/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE TICONDEROGA KÒM GAYAN 10 MILYON DOLA
NAN NORTH COUNTRY NAN KAD SIZYÈM FAZ INISYATIV REVITALIZASYON
ANBA LAVIL LA**

***Investisman pou revitalizasyon anba lavil yo se yon pati enpòtan nan estrateji
global kwasans ekonomik ak kominotè Eta a***

***Eta a pral travay avèk rezidan, lidè kominote ak responsab piblik yo pou
revitalize anba lavil Ticonderoga***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Vil Ticonderoga pral resevwa 10 milyon dola nan finansman kòm gayan Rejyon North Country nan kad sizyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la. Nan sizyèm faz Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik eta a yo ap resevwa 10 milyon dola, pou bay yon angajman total eta a ki se 100 milyon dola nan finansman ak investisman pou ede kominote yo estimile ekonomi yo nan transfòme anba lavil yo pou yo vin tounen katye ki dinamik.

"Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil nou an se kle pou transfòme vil yo atravè eta a pou tounen kominote dirab, abòdab, ak adapte pou pyeton kote rezidan yo ak vizitè yo ka pwospere," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Enjeksyon 10 milyon dola nan Ticonderoga pral amelyore bote natirèl li yo, revitalize biznis lokal yo, mete aksan sou istwa rich li yo, epi asire li se yon kominote ki rezistan ak difikilte alavni yo".

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (DRI) la sèvi kòm yon eleman nan politik devlopman ekonomik Eta a nan transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire biznis, travay ak divèsite ekonomik ak lojman. Menm jan ak faz DRI pase yo, chak kominote yo chwazi ap devlope yon plan estratejik atravè yon pwosesis planifikasyon asandan ak kominotè ki kominike yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil li a epi edantifye yon lis pwojè kle ki gen potansyèl pou transfòme epi eksplwate plis investisman prive ak piblik. Depatman Eta a ap akòde fon DRI yo pou pwojè yo chwazi ki genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi reyalize vizyon kominote a.

Ticonderoga

Sitiye antyèman nan Pak Adirondack nan konvèjans Lak George ak Lak Champlain, Vil Ticonderoga a pare pou amelyore plis investisman resan nan anba lavil la epi reyaktif pwopriyete ki pa itilize yo ak espas piblik yo pou katalize plis fyète ak investisman nan koridò anba lavil li yo. Ticonderoga ap chèche fè nouvo investisman nan nouvo sit touris ak ekipman ki baze sou rasin istorik pwofon, pak piblik, restorasyon fasad istorik, ekspansyon biznis nan lari prensipal yo, opsyon lojman abòdab ak opòtinite pou amelyore peyizaj lari ak pòtay pou atire biznis, touris ak rezidan nan anba lavil. Investisman sa yo ap transfòme Ticonderoga pou tounen yon sant pou opòtinite lwazi nan Adirondack ak Champlain Valley ak eksperyans avèk yon koridò ki adapte pou pyeton ki antoure pa bote natirèl ak espas piblik ouvè.

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) North Country a te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif pou pwopozisyon kominote yo atravè rejyon an te soumèt, epi konsidere kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande Ticonderoga kòm zòn ki nonmen:

- Anba lavil la konpak, avèk limit ki byen defini;
- Anba lavil la ka kapitalize sou investisman prive ak piblik yo te fè avan yo oswa katalize yo;
- Kwasans travay resan oswa iminan nan anba lavil la oswa toupre li ki atire travayè yo, soutni reyamenajman epi fè kwasans lan dirab;
- Anba lavil la se yon kominote ki abitab epi ki atiran pou divès popilasyon;
- Minisipalite a dwe deja adopte oswa gen kapasite pou kreye epi reyalize politik k ap ogmante abitabilite ak amelyore kalite lavi;
- Minisipalite a dwe mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti nan yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ;
- Minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis DRI a; epi
- Minisipalite a te idantifye pwojè transfòmasyon ki pral pare pou aplikasyon akoutèm avèk yon enjeksyon fon DRI yo.

Ticonderoga te resevwa 10 milyon dola nan finansman ak investisman eta a pou revitalize katye anba lavil li epi jenere nouvo opòtinite pou kwasans alontèm apre pwosesis planifikasyon lokal la. Ticonderoga rejwenn kominote Plattsburgh, Watertown, Saranac Lake, Potsdam, Tupper Lake ak Massena, ki se te gayan Rejyon North Country nan senk premye faz DRI yo.

Ticonderoga pral kòmanse pwosesis devlopman yon Plan Investisman Estratejik pou revitalize anba lavil li avèk jiska 300,000 dola nan fon pou planifikasyon yo ki soti nan sibvansyon DRI 10 milyon dola a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Investisman Estratejik la ap egzamine atou ak opòtinite lokal yo pou idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè

kominotè ki aliye ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon anba lavil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Plan Envestisman Estratejik pral gide investisman fon sibvansyon DRI yo nan pwojè revitalizasyon yo ki pral fè valse vizyon kominote a pou anba lavil li a, epi ki ka favorize ak ajoute sou investisman 10 milyon dola eta a. Plan pou sizyèm faz DRI a pral fin konplete an 2023.

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Ticonderoga se yon sant pou lwazi deyò ki antoure pa bote natirèl Adirondacks yo, sa ki fè l tounen yon destinasyon ideyal pou vwayajè ki soti toupatou nan eta a ak nan peyi a jwi. Finansman sa a atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pral ede reyalize vizyon Ticonderoga pou konekte anba lavil li a ak opòtinite lwazi ki alantou yo pandan l ap baze sou rasin pwofon istorik vil la pou amelyore espas piblik ak atraksyon. Mwen espere wè plan transfòmasyon Ticonderoga kreye pou retabli katye anba lavil li a".

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Ticonderoga abrite yon istwa rich ak bote natirèl, epi finansman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil sa a pral pwofite tou de pou ogmante opòtinite ak eksitasyon pou rezidan yo ak vizitè yo. Yon plan estratejik kominote a ap dirije kounye a pral konsantre sou pwojè transfòmasyon ki pral trase avni vil la kòm yon destinasyon rejyonal ak lwazi k ap pwospere".

Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon North Country a, James McKenna, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, investisman New York yo nan North Country yo ap pwovoke nouvo enterè ak nouvo devlopman nan kominote nou yo. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ap kontinye sipòte ak jenere nouvo kwasans ekonomik nan kominote atravè North Country ak Eta New York. Ticonderoga gen yon istwa rich ak inik ki akeyi yon pakèt rezidan ak vizitè menm jan, epi li sèvi kòm yon potansyal pou plan estratejik vil la, epi nou fyè pou nou sipòte seleksyon yo".

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare, "Angajman 10 milyon dola jodi a pou Ticonderoga atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pral lakòz amelyorasyon ki nesè anpil nan kominote a, k ap benefisye rezidan pèmanan ak vizitè Adirondacks yo menm. Lè DRI a enplike lidè kominote yo ak pati ki konsène yo nan pwosesis planifikasyon an, sa pral asire bezwen lokal Ticonderoga yo satisfè. Mès Gouvènè Hochul pou devouman li nan devlope lokalite ak vil yo nan New York yo lè li amelyore zòn anba lavil yo epi kreye nouvo opòtinite ekonomik atravè eta nou an".

Senatè Eta Daniel G. Stec te deklare, "Ticonderoga kontinye grandi ak devlope anba lavil li a. 10 milyon dola ki soti nan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la pral ranfòse efò sa yo epi asire Ticonderoga rete yon sant aktivite ekonomik ak lwazi pou rezidan Pak Adirondack yo ak vizitè yo pou plizyè ane alavni".

Manm Asanble Matthew Simpson, te deklare, "Popilasyon Ticonderoga a se kèk nan fanmi ak moun ki travay pi di nan North Country. Yo genyen yon vizyon ki lajman pataje sou sa Vil yo anvi vin ye epi yo travay chak jou pou wè vizyon sa a vin yon

reyalite. Sibvansyon Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil sa a montre yon kwayans nan vizyon sa a bò kote moun k ap gade byen lwen. Avèk resous sa yo, Ticonderoga pral fè yon gwo pwogrè pou l reyalize anpil nan objektif yo etabli pou mete aksan sou kominote ki vrèman dinamik li ye toutbon".

Sipèvizè Vill Ticonderoga, Mark A. Wright, te deklare, "Vil Ticonderoga trè rekonesan anvè Eta New York epi li trè eksite pou opòtinite DRI sa a. Nou pa ka tann pou nou wè vizyon revitalizasyon ekonomik nou an fini. Opòtinite sa a non sèlman benefisye koridò anba lavil nou an, men tout Ticonderoga ansanm ak minisipalite ki alantou yo ak rejyon Konte Essex sa a".

Enfòmasyon Konsènan Inisyativ pou Renovasyon nan Sant Vil la

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te lanse an 2016 pou akselere epi elaji revitalizasyon anba lavil yo ak katye yo nan tout dis rejyon eta a pou sèvi kòm sant aktivite epi katalizè pou investisman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak NYSERDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-answit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive.

Nan senk premye ane pwogram nan, eta a te angaje 600 milyon dola pou investi nan 59 anba lavil yo ki pare pou revitalizasyon epi ki gen potansyèl pou tounen leman ki ap atire redevlopman, biznis, kreyasyon travay, pi gwo divèsite ekonomik ak lojman, ak opòtinite.

Kominote k ap patisipe yo deziyen pa 10 Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal eta a dapre potansyèl anba lavil la pou transfòmasyon. Yo bay chak kominote 10 milyon dola pou yo devlope yon plan investisman estratejik pou anbalavil epi pou reyalize pwojè katalizè kle ki fè vizyon kominote a pou revitalizasyon avanse epi maksimize investisman siplemantè prive ak piblik yo.

Plis enfòmasyon sou DRI a disponib [isit la](#).

###